Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИ-
ЗЕ БАЙБИХЬАНА
1933 СОНАЛЪУЛ
15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 39-40 (9780) / 17 сентябрь 2018 с. / итни 7 Мух1аррам 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




Первый день месяца Мухаррам знаменует начало Нового года. Мухаррам – месяц поклонения, один из четырех месяцев в году, в течении которых Аллах особо запретил конфликты, войны и кровную месть.

Поздравляем жителей Казбековского района с месяцем Мухаррам. Желаем благополучия крепкого здоровья, счастья и успехов в добрых делах.

Мира вам и милости Всевышнего, да вознаградит Всевышний нас всех благами обоих миров!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

---

Желаю счастливого месяца Мухаррам! Пусть в Ваших семьях всегда будет добро, благополучие, достаток!

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.)Д.Умаханов*

---

## Х1урматиял районцоял!

Мух1аррам моц1 ккола жинда жаниб рагъ х1арам гьабураб, Къуръан-х1адисалъ жиндир хиралъи бицараб моц1азул цояблъун.

Мух1аррамалъул анц1абилеб Г1ашура къоялъги, мугь бан, гьеб садакъалъе бикьи, сайгъатал кьей, гьуинаб квен гьаби, мискин-ятимасе садакъа бикьи суннатаб буго. Рак1-рак1алъ баркула диналъул вацазда, яцазда т1аде щвараб 1440 сон.

Батаги гьаб сон нилъее т1олазего Аллагьасул рахъалдасан рах1матал рещт1унеблъун ва т1олазулго мунагьал чурулеблъунги.

*Районалъул имам Ах1мадрасул-Х1ажи Качалаев.*

---

## Бет1ерлъун вищана



12 сентябралда т1обит1араб Дубки поселокалъул депутатазул сессиялда Абакаров Г1айнудин Каримович к1иабилеб нухалда вищана администрациялъул бет1ерлъун.

---

*«Конкурс - 2019»*

## Лъазаби!



К1удияб Ват1анияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон т1убаялъул х1урматалда, **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазабулеб буго (ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб) **«Рагъул бах1арзазе -даимаб рецц»** абураб темаялда конкурс.

Конкурсалде рит1улел сочинениязи, макъалаби, куч1 дул ва гь.ц. рук1ине ккола нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул х1акъалъулъ бицен гьабулел.

Лъик1аб бук1ина гьел макъалаби фронталдаса рач1арал кагътаздалъун ва суратаздалъун бечед гьаруни. Конкурсалъул х1асилал гьаризе руго 2019 соналъул 15-20 апрелалда.

Макъалаялда яги сочинениялда гьоркь рук1ине ккола авторасул мух1канго хъварал-фамилия, ц1ар, х1алт1улеб, ц1алулеб, яшав гьабун ругел бак1ал ва телефоналъул номер.

2019 соналъул 1-аб. апрелалдаса хадур редакциялде рач1арал макъалаби конкурсалде къабул гьаруларо. Конкурсалда бергьаразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Нижер адрес: **Казбек район, Дилим росу, «Чапар» газеталъул редакция. Эл.почта: redakciya-chapar@ mail.ru.**

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

## Глава Дагестана



9 сентября Парламент республики Дагестан большинством голосов избрал на пятилетний срок на пост главы региона Владимира Васильева.

Всего в Парламенте региона 90 депутатов, бюллетени получили 86 из них. Подавляющее число голосов было отдано за 69-летнего Владимира Васильева. 77 народных избранников решили, что именно он должен руководить Дагестаном. Оставшиеся девять голосов достались Камилю Давдиеву и Махмуду Махмудинову, по пять и четыре бюллетеня соответственно.

Таким образом, Васильев был избран главой Дагестана, победив на выборах с большим отрывом. Политик обратился со словами благодарности к депутатам после своего избрания. Он отметил, что постарается оправдать их доверие, сделать жизнь местных жителей лучше и выразил надежду на плодотворную совместную работу.

- Я не ожидал, что за такое короткое время мне так близок и дорог станет Дагестан, - признался Владимир Васильев.

После избрания Главой Дагестана Владимира Васильева региональное Правительство ушло в отставку. Вместе с тем кабмин будет продолжать выполнять свои функции до формирования нового состава Правительства. Соответствующий указ подписал Глава Дагестана.

***ИНФОРМАГЕНТСТВО***

---

## Выпускники - медалисты района

***По результатам ЕГЭ и с учетом итоговых оценок медалью«За особые успехи в учении» в 2017-2018 учебном году награждены***



1. Магомедгазиева Хайбат Исраповна - Гуни МКОУ
2. Гереханова Мадинат Тагировна - Калининаул МКОУ
3. Ачабаева Аминат Запировна - Калининаул МКОУ
4. Садулаева Улай Руслановна - Калининаул МКОУ
5. Ильясханова Элина Саидсалимовна - Калининаул МКОУ
6. Абдусамидова Замира Абдулзайидовна - Ленининаул МКОУ №2
7. Мирзаев Мирза Сайбулаевич - Ленининаул МКОУ №2
8. Махмудов Шамиль Гаджимагомедович - Дубки МКОУ
9. Юнусова Анжелика Хасаевна - Дубки МКОУ
10. Юнусова Рабият Магомедхабибовна -Дубки МКОУ
11. Мусаева Найда Магомедовна - Дубки МКОУ
12. Дибирова Аминат Аюбовна - Махачкала
13. Байханов Гаджимурад Залимханович - Москва
14. Шираев Раджаб Казинпашаевич - Дылым МКОУ (лицей)
15. Гебеков Магомед Гебекович - Дылым МКОУ (лицей)
16. Саидова Раисат Шамиловна - Дылым МКОУ (лицей)
17. Джаватханова Саида Ибрагимовна - Дылым МКОУ (лицей)

ДРПОО «Наш дом» поздравляет медалистов и их родителей, учителей, директоров школ, начальника Казбековского РУО М.Магомаева и Главу Района Г. Гаджиева с выдающимися успехами наших выпускников, желает успехов в дальнейшем!

Спасибо за фото С.Герехановой, за список - Д.Абдулахитовой.

*Д. ДИНАЕВ, член Союза журналистов РФ, с. Калининаул.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Дин ва г1умру*

# Х1еж т1убан т1ад русана



Х1еж ккола исламалъул щуабилеб рукнулъун. Нухалъул рахъалъ х1ал к1олев чиясда г1умруялда жаниб цо нухалъ х1ежги ,г1умраги гьабизе т1адаблъун бихьизабун буго Аллагьасул калам Къуранальги , Аллагьасул Расуласул х1адисальги( г1.с.)

Цересел соназ, х1ежалде ине бокъарал нилъер росабалъа г1адамал жалго цоцо ккун ине кколаан кинаб бугониги туристическияб фирмаги балагьун Дагъистан тун къват1ирехунцин жидерго документал щвезаризе ва гьел кколаан бат1ияб республикаялъул х1ежалде унел бат1и-бат1иял миллаталгун цадахъ.

Гьеб сапаралъ рахъараб мехалда , цо кинаб бугониги къварилъиялде ккун кумек х1ажалъани , кумек щвеч1ого хут1арал х1ужабицинги рук1ана. Гьединго рук1ана х1ужаби къват1иса руководителъзабазул г1айибалда , нилъер районалдаса г1адамал визабиги рач1инч1ого хут1ун г1арацги нахъе щвеч1елги.

Гьеб кинабго х1исабалдеги босун исана Ленинаул ,Калинаул, Алмахъ росабазул имамзабазул х1укму ккана рехсарал росабалъа х1ежалде унезул къокъаялъе нухмалъи гьабизе Калининаул росдал имам Г1абдулвагьабов Мух1амадрасул-х1ажиги , гьесул кумекчаг1и Ленинаул росдал имам Абубакаров Г1амирг1али-х1ажиги, Г1умаров Х1абибх1ажиги тун лъабабго росулъа г1адамаздасан цо самолеталъул рейсалъе г1ураб группа г1уц1изе.

Гьеб г1уц1иялъул х1алт1и гьабизе байбихьана 2017 соналъул ахиралда ва 2018 соналъул 25 январалдаса байбихьун визабахъ г1арац бак1арун май моц1алъул ахиралде гьеб суал рук1алидеги ккана. Гьеб кинабниги х1алт1и т1убана гьев лъабасго , нижер х1ежалде унел 129 чиясул цонигияв къват1иве вахъинеги ккеч1ого.

Т1оцебесеб х1албихъи бугеб сон бук1иналъ батила, лъабабго росдал цо самолеталъул рейсалъе г1урал г1адамалги данделъич1огун «Марва» турфирмаялъ нижер группаялде жубана Дилим росулъа Мух1амадгъазиев Мух1амадрасул х1ажилги ,Г1умаров Юсупх1ажилги 86 чи вугеб к1иго группа.

Х1ежалде унел г1адамазе нухмалъи гьаби к1вар ц1ик1к1араб суал бук1ин х1исабалдеги босун, Дагъистаналъул х1ежалде г1адамал рачун унел руководителъзабазул бет1ер Темирбулатов Казимх1ажица , «Марва» турфирмаялъул бет1ерав директор Къурбанов Булат Мух1амадовичагун цадахъ июнь –июль моц1азул щибаб гьат1ан къоялъ руководительзабиги, гьезул кумекчаг1иги данде рак1арун Махачкалаялда гьаруна дарсал ва экзамен кьезе к1веч1ев чиясе х1ажизаби рачун ине кьеч1о.

Гьез гьабураб х1алт1и къоч1оеги босун, нижер группаялъул бет1ер Г1абдулвагьабов Мух1амадрасул х1ажица , гьесул кумекчаг1и Абубакаров Г1амирали х1ажица, Г1умаров Х1абиб х1ажица , Мух1амадгъазиев Мух1амадрасул Х1ажица ва Г1умаров Юсуп х1ажица байбихьана жидерго группабазда щибаб щамат ,итни къояз х1еж т1убаялъул дарсал къезе. Гьелъул х1асилалда, хирияб ракьалде щвелалде щивав чиясул бук1ана х1еж борхиялъул къокъаб баян: лъазарун рук1ана х1ежалъул рукнаби, жал тани х1еж холел жал, х1ежалъул т1адал жал, жал тани х1еж холарел, амма г1ак1а т1алъулел жал, х1еж бухьунеб къаг1идаби,ният гьаби, ният гьабун хадусан х1ажичиясе х1арамлъулел жал ,т1авап, саг1ю гьабиялъул шарт1ал ва гьел гурелги х1арамалъул ракьалда гьаризе бегьулелги бегьуларелги жалазул баянал.

Гьединаб х1адурлъигун 8 августалда нижер лъабабго росдал 129 чияс сапар бухьана хирияб ракьалде.

Росулъа ниж къват1ире рахъана берцинаб г1уц1иялдалъун. Бурсумалъул т1алъиялда бугеб майданалда нижее нух бит1и гьабизе данделъун бугоан лъабабго росдал жамаг1ат. Мух1амадрасул х1ажицаги, Г1амирг1ли х1ажицаги , Х1абибх1ажицаги гьенир ч1езарун ругоан ниж Мах1ачхъалаялде рачине автобусал.

**«Нужее нух бит1айги хириял х1ажизаби,**
**Х1абибасул ракьалде сапаралъ ина ругел.**
**Сапар лъик1аб батайги ният бац1ц1адаб агьлу,**
**Исламалъул цо рукну т1убазе къасд гьабурал**
**Гьабеги нужей кумек х1алк1олев Бет1ергьанас**
**Х1ежгун Г1умраялъул арканал т1орит1изе**
**Т1урайги киназулго лъик1алщинал анищал**
**Щвайги нуж мурадалде мунагь-хат1аби чурун»**

Гьал Саг1ид Афандияс (къ.с.) хъварал раг1абиги абулаго лъабабго росдал жамаг1аталъ 2018 сонил 8 августалда ниж сапаралде нухда рег1ана.

Росулъ имамзабаз гьабураб малъа-хъваялъул , х1еж борхулеб заманалда, нижее ккана к1удияб бигьалъи.

Нижеда цадахъ бук1ана бихьиназдаса ц1ик1к1араб къадар руччабазул . Гьезда малъа-хъвай гьабизе т1ад къан бук1ана Ленинаул росдал имам Абубакаров Г1амирг1алих1ажил лъади Абубакарова Г1айишатх1ажида, абизе к1ола имамзабаздаса къинч1еб х1алт1и х1еж т1убаялда т1ад руччабазулгун гьелъги гьабунилан ва гьелъул бет1ерлъиялда т1оралго руччабазги х1еж т1убаялъул т1алабал лъик1го т1уразарунин.

Ниж, хасго т1оцере х1еж борхулел, х1инкъун рук1ана гьенир к1удиял зах1малъаби рук1инин абун, амма цебе Аллагьасулги хадуб рехсарал росабазул имамзабазулги, Г1умаров Х1абибх1ажилги, Абубакарова Г1айшатх1ажилги кумекалдалъун киназго х1еж борхи нухда т1обит1ана т1адег1анаб даражаялда. Гьединго гьезул кумекалдалъун ниж щвана г1емерал хириял бак1азде зияраталъ. Цадахъ рук1арал г1олохъабаз к1удияб кумек гьабуна Каг1ба рукъалда сверун т1авап гьабулеб заманаялъ. Сверун ч1ун чали гьабун, руччаби гьоркьореги ккезарун , тунка –х1унсияльде ккезе риччач1ого сверабие т1уразаризеги, Каг1баялда цере какал разе гьезие ресалги гьаруна.

Гостиницаялдаса Х1арамалде ниж ине кколаан к1иго автобус хисун. Машааллагь, «Марва» турфирмаялъул руководствоялъ гьениб х1алт1и г1уц1ун бугоан т1адег1анаб даражаялда.

Гьенир, нилъер Дагъистаниязе кумек гьабизе т1амун ругоан Мисриханов Шамиль, Халилулаев Муртазг1али ва Мух1амадов Сулайман. Дун цевеги х1ежалде ун вук1ана , амма гьез г1адин жидеда т1ад къараб х1алт1и рак1 бац1ц1адго т1убалел чаг1и дида рихьич1о. Гьезул х1аракаталда цо диналъул яцалъул гаражалда биларараб телефон кодобе щвана.

Гьединго «Нилъер группа Мах1ачхъалаялдаса аэропорталде щун хадусан, дихъе «Марва» турфирмаялдасан телефоналъ к1алъана нилъ рек1ун бук1араб автобусалда жаниб г1арац батун бугилан, биларав чи вугищилан. Ц1ех-рех гьабидал г1арц биларав чи ватич1о. Мадиналде щведал загьирлъана ,700 доллар бортарав чи . Цинги дун к1алъана «Марва» турфирмаялде г1арцул бет1ергьанчи ватиналан. Гьез гьеб г1арац хадуб боржунеб самолеталда Мадинаялде бит1ун бач1ана ва дица бет1ергьанчиясухъе къуна»- ян бицана группаялъул бет1ер Г1абдулвагабов Мух1амадрасулх1ажица.




Дагъистаниязх1ежалде аралъуб бихьизабураб х1алимлъиялъухъги, гурх1ел-рах1мулъиялъухъги саг1удияз загьир гьабуна нилъер х1ажизабазе рак1рак1алъулаб баркала.

25 сордо-къо Х1арамалъул ракьалдаги бан, х1еж т1убаялъул кинално шарт1алги т1уран, 2018 сонил 2 сентябралъул радалиса ниж Мах1ачхъалаялъул аэропорталда самолеталдаса решт1иналде Мух1амадрасулх1ажицаги , Г1амирг1али х1ажицаги, Х1абибх1жицаги х1адурун ругоан ниж росолъе рек1ине к1иго «Икариус» –автобус. Нилъер Умумузул аби буго, сапаралъ чи унеб мехалда, рек1аралъув решт1агиян абулеб, гьел автобусаз ниж рек1аралъур решт1инеги гьаруна.

Нижеда данд ч1вазе добго майданалда бак1арараб лъабабго росдал жамаг1ат бихьараб мехалъ, х1ажизабазул рохиялъул г1орхъи бук1инч1о. Щивасул бадисан рортизе льугъана рохалил маг1ил гарал.

Гьеб дандч1вай г1уц1ун бугоан бицун х1ал к1олареб даражаялда. Исламалъул байрахъалгун чодул рек1араца берцин гьабун бук1ана горсвери, ручабазулги бихьиназулги горсвериялда ч1ч1арал г1адамазги, гьезда бакьулъ кьер-кьерал лентабаз сверун къан, х1ажизаби руччаби бихьинал ч1езе гьабураб бак1алъги, гьединго г1олохъабаз ах1улел нашидазги, гьарулел баркиязги г1ажаибаб рохалиде сверизабун бук1ана гьеб майдан.

Гьедин к1удияб мажлисги гьабун, руччаби-х1ажизабазе мах1 берцинал т1угьдузул квац1абиги кьолаго , руччабаз руччабазда, бихьиназ бихьиназда х1ажизабазда квер бачун х1еж т1убайги баркулаго жамаг1аталъ х1ажизаби жиде-жидер рокъоре нухда т1орит1ана.

Гьеб даражаялда Х1ежалде инги , х1еж т1убайги , х1ажизабазулгун гьедин берцин гьабураб данч1вайги дида абизе к1ола




Дагъистаналда гуреб, Кавказалдацин бук1ун батиларин.

Нижер группа х1ежалде ине байбихьаралдаса байбихьун гьебги т1убан рокъоре щвезег1ан « Марва» турфирмаялъул бет1ерав директор Къурбанов Булат Мух1амадовичасги, гьесул Маккаялде х1ажизабазе кумекалъе рит1арал кумекчаг1и Мисриханов Расул Иманалиевичасги, Мух1амадов Сулайман Саидовичасги, Халилулаев Муртазали Муртазалиевичасги, Дагъистаналда х1ежалде унел группабазул руководительзабазул к1удияв Темирбулатов Казимх1ажи Мух1амадрасуловичасги, Казбек районалдаса унеб группаялъул руководитель Калинаул росдал имам Г1абдулвагьабов Мух1амадрасулх1ажицаги, гьесул кумекчаг1и Ленинаул росдал имам Абубакаров Г1амирг1алих1ажицаги, гьесул лъади Абубакарова Г1айшатх1ажицаги, хасго руччабазда гьоркьоб, Г1умаров Х1абибх1ажицаги, Ленинаул ,Калинаул ,Алмахъ росдал администрациялъул бут1рузги,жамаг1атазги, жидерго группабазда гьоркьоб Дилималдаса Мух1амадгъазиев Мух1амадрасулх1ажицаги, Умаров Юсупх1ажицаги гьабураб г1емераб х1алт1ул бицине х1ал к1оларо.

Гьединлъидал диналъул вацалги яцалги дие бокьун буго киналго гьеб групппаялда рук1арал х1ажизабазул рахъалдасан т1адехун рехсарал диналъул вацазеги яцазеги рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе. Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, халатаб г1умру ва гьезда т1ад кидаго бук1ине роц1араб зоб. Аллагьас гьезул чорхолъа унтиги айги, рек1елъа ургьелги айги, дуньялалъул балагьаздасаги, ахираталъул г1азабалдасаги Аллагьас гьел ц1унайги. Г1арас майданалде рахъинарулеб мехалъ гьелги нилъги Аварагасул ( г1.с.) байрахъалда гъоркъ Алжаналъул агьлулъун т1аде рахъинеги гьареги. Хадусан х1ежалде унезе гьединабго х1алалъ х1алт1и гьабизе сахлъиги къуватги кьейги гьезие.

***Киназдего к1удияб х1урматгун Алтумирзаев Саг1ит Х1асанович.***

*МагIарулай*

# *Васасе г1оло гъабула г1умру*

***Рохалил цIун буго бакъул дуниял,***
***Рохалил беразда бихьулеб мехалъ.***
***Ургъалий кьун буго ракIалда гIумру,***
***МагIил бералги цIун балагьулъелъул.***

***МахIмуд-Апанди.***

Доб балагьаб къо дица тIадегIанасда гьарула дир гIумруялъул соназде гъорлъе рикIкIунгегиян. Дие гIазабалде сверараб доб къоялъ лъана дида кигIан жагъалаб букIаниги рукIун биххизе ккеялъул захIмалъи. Дун балагьун чIчIун йикIана дунял бецIлъиялъухъ. Бокьун букIинчIо данде ккараз кьолел суалал рагIизе. Килищ битIун дунги йихьизаюн, цоцазде щурщудулел гьел цере тIамулаан. Дада лъалароан гьезие щиб жаваб кьелебалицин. РакI гIодулеб букIана. Бадибе буччун бачIунеб магIуялъ щибго бихьулеб букIинчIо. Дир магIугун жубалеб букIана гIисинккун щенолеб цIад. Бокьун букIинчIо эбел-инсул рокъое тIад юсинеги. Дир талихI хIатIакь мерхьарав вац ХIасан вугев свери бихьизеги. Вац… гьесдаса хирияв чи дие вукIинчIо. Гьев вукIана дие кинабго квешабщиналдаса дун цIунулев къолденлъун, талихIалде дие канлъи бихьизабулев маяклъун. Гьев вукIана дие цохIо вацлъун гуревги эменлъунги, гьесде букIунаан божи, щиб кканиги кумекалъе нахъе вугев, дир ургъелал тIаса росулев, къварилъи кIоченабулев къуватав инсанлъун. «Кивха гьев жакъа вугев? Щай эбелги хехго арай?». ЦIад жеги лъикI базе лъугьана. Гьелъул чваххи рагIизе толеб букIинчIо, «Дуе рокъобе нух гьечIо, аралъуй хва» -ян абулеб вацасул, ва «ГIумруялъул гIорхъи бахунге дир яс, рукъ цIуне ян гьарулеб хвалда цебе эюелалъул ахирисеб гьаракьалъ.

Лъихъе иней? Лъида бичIчIулеб дир къварилъи. Абула гьуинаб мехалъ ургъел бекьизе, ракI чучизе яцалъул кумек букIунин. «ГьечIей яц ялагьизе кие дун иней? (Эбелалъ ХIасаниеги диеги гIоло гьабуна гIумру).

ГIумруялъул къоло кIиго сон бараб мехалъ, къороллъан гьей. Чияр садакъаялде ккезе течIого хьихьана гьелъ ниж. Эбелалъул мурад букIана ниж рукъалда руссин ригьнал талихI кьун рихьи. ХIасание ригьин гьабун лъагIел ингун эбел захIматго унтана. Гьеб мехалъ дун СагIидие рагIи кьун йикIана. Гьев вукIана ХIасанил гьалмагъ. Дун разилъулей йикIинчIо гьесие ине. Щай абуни рекIее къабулав вас батIияв вукIана. Гьеб дирго рекIелъ бахчараб намусаб асар загьир гьабизе дун нечана. Дида кIвечIо эбелалъул гьари нахъ чIвазе, вацас кьураб рагIи хвезабизе. Гьесул цо кьварараб балагьи гIолаан дие гьесулъ. КигIан бокьичIониги дун СагIидие ана…

Кин хIаракат бахъаниги дир гьесдехун рекIелцIайи лъугьунеб букIинчIониги, дица хIал лъазе толароан. Бицунеб рагIиги, гIамал-хасиятги сверухълъиялда балагьиги тIубанго батIияб букIана СагIидил. Дида гьев вичIулароан. Къаси сардилъ къватIиве ун, чанго къоялъ рукъове вачIинчIого вукIунаан. Гьес тIубанго рехун тана хIалтIи, зигар букIунаан харж дагьаб бугин, гьадин гIумру гьабизе бегьуларин. Гьесул эбел-эменги рази рукIунароан васасул хьвадиялда, гьездаги ракI бухIулаан. «Дудаса нечон ругин жалин», абулаан. Къокъаб хIасил, сордоялъ цIогьор гIадин нахъисеб гордухъан жанивеги вачIун гьес дихъе кьун долларазул кIиго пачка. «Гьаб дуца лъидаго лъазе тоге, бахче.

- Гьаб киб букIараб? СагIид, гьалъул магIна щиб? –ян цIехана дица цо батIияб щаклъиги рекIелъа бачIун.

- ХIажат гьечIел суалал кьоге, дие, дун кватIичIого вачIина –янги абун СагIид гордухъан къватIиве кIанцIана. Долларал ккурал дир кверал соролел рукIана, ракI хехлъана, рекIеде гъоркьин абуни кьабулеб букIана дунялалде вачIине хIадурлъулев нижер васасул гьитIинаб ракI. У, гьев вукIана вас, мекъаб нух тIаса бищарав инсул вас. Доб сордоялъ дида лъалеб букIинчIо кие иней, дирго ургъел лъиде чучилеб. Кие тIурулей къисматалдаса? Дида бичIчIулеб букIана бокьичIого щущараб букIаниги, рукIун биххизе дие захIмалъулеблъи. Дир тIубанго хьул къотIана СагIид рокъове тIад вуссун вачIиналдаса. Щай гурелъул, дол соназ Дагъистаналда лъугьун букIараб ахIвал-хIалалъ, рагIулел квешал харбаз, кколел такъсириял ишаз, тIагIунел, чIвалел ругел гIолохъабаз, гIумруялъе хIинкъи лъугьинабун букIана. Гьединазул къурбанлъул ккана СагIидги. Лъезе хобги, чIвазе заниги щвечIев инсул вас, такъсирчиялъул чIужу… дица росу тана. ХIинкъана росуцоязул рокьукъаб балагьиялдаса хадуб рехулеб рагIиялдаса. Гьанже дица гIумру гьабулеб буго васасе гIоло. Дица рукъ ккуна общий дворалда, санагIалъаби гьенир гьечIо. Вас цIалулев вуго колледжалда. Дун хIалтIизе лъугьана шагьаралъул банкет залалда, гьенир гьарулел хIалтIаби гIемер рукIуна.

Камуларо бертадул хутIараб квенги…

Цоги щибха дица бицинеб? Бихьаралда рази йиго дун. Васасе гIоло гьабизе буго гIумру.

***ХI.КАРИМОВА.***

*(Цебесеб - 34,- 38 номеразда)*

**Пат1а Айтемирова**

# Къисматалъул кьерал

***(Къиса)***

*-7-*

Т1ок1ав вац дида вихьич1о. Балъго росулъе рукъове щварав гьев, - сверун ккведал, кверде вач1аян абизе т1аде унев имг1алги ч1ван, живгоги полициялъулаз гьенивго ч1вана. Дида бич1ч1ана дие рукъобе нух къан бук1ин, кинаб гьумергун яхъиней йик1арай имг1аласул лъималазде цее.

Чакарие ц1акъ вокьулаан Арсен ва рак1бух1ун йик1унаан г1акъилав, г1адлу бугев, иман рек1елъ бугев вас мекъаб нухде ккеялда. «Унго рит1ухълъи гьеч1олъи! Арсен вук1ине бегьулаан г1акъилав махщалилавлъун ва х1укуматалъеги хъизаналъеги пайдаялъе х1алт1улевлъун. Гьевин абуни лъугьана х1укуматги, х1акъикъияб исламги, сверухъ ругелги рихарав чилъун» - Чакарица дида бикьулаан жиндирго ургъел. Г1емераб маг1уги т1ун, гьарана гьелъ Арсенида, кант1еян, бит1араб нухде вуссаян. Сардал рогьунаан гъарималъ къосарав вас вит1ун ккезавеян Аллагьасда гьардолаго. Арсен вук1ана лъимал гьеч1ел Чакарицаги гьелъул рос Г1алицаги хьихьизе вачарав вас. Ц1ар абун гурони, эбелин гьес Чакарида абич1о. Гьелъ жив вачине кколароанин гаргалев вук1унев Арсеница х1исаб гьабулароан, лъималазул рокъов таравани, жиндир къисмат кин ккезе бук1арабали.

Дунин абуни, йик1ана сундениги рак1ги гьеч1ей, гьадинго гьений яшавун йигей ч1ужулъун. Бук1инеселъул пикраби дица гьарулароан, аралъул пикрабаз дие г1иц1го г1азаб гурони кьолароан. Щибниги росасдехун рек1ел ц1айи дир бук1инч1о. Бугониги, хадуб дица х1исаб гьабуна, Арсен вук1анин т1алаб гьабулев, х1алимав, дир х1урмат ккурав рослъун. Жиндирго талих1 къосин бук1ана гьесул мекъаб нухде ккейи. Гьес чанги пайдаяб г1умруялъул дарс лъуна дие. Г1емерал т1ахьал ц1аларав, г1акълу бугев чи вук1ана Арсен. Чакарица лъазабулаан диналъул х1акъалъулъ гьесул харбазухъ г1енеккугеян. Ч1ужуг1аданалда т1адаб жо г1емераб гьеч1инги абун, бат1ияб дие данде кколареб жо гьес т1алаб гьабулароан.

Дир вац хун хадуб, Арсен рукъов ч1ун вук1ана г1емераб мехалъ. Бугониги, «рохьилазулгун» гьесул бухьен т1ун бук1инч1о. Рукъалъул нахъисеб азбаралда бугеб гьит1инабго рукъоре рачун, ругънал сах гьарун, хъулухъ гьабун, гьезул т1алабал т1уралев Арсен вук1уневлъи лъалаан дида. Амма дида цониги чи вихьулароан, нижер рукъове чи вач1унароан, дунги киениги каву бахун къват1иехун яхъунароан. Зама-заманалда х1укуматалъул х1инкъигьеч1олъи ц1униялъул хъулухъалда ругез гьабулеб татубахъиги бук1унаан нижее. Ч1ухь бай, ц1ех-рех гьаби нижее лъугьун рук1ана г1адатияллъун. Щибниги лъаларей дун юц1ун ч1олаан ва дидехун г1емер ц1ех-рех гьезул бук1унароан. Цоцазда хадур гьарурал лъималазул т1алабалда йигей дие кумекч1ужулъун ва насих1атч1ужулъун йик1ана Чакар. Ц1унакъаялда ва махщалида бачунаан гьелъ рукъалъул иш. Щиб харж гьезул хъизаналъе щолебали дида лъалароан, амма дида язихълъи лъазе гьелъ толароан.

Чакар хвана, сих1-иш гьеч1ого, кьижаралъуй. Гьейги юкъун вач1ингун, кавабиги къан, лъилгунго к1алъайги гьабич1ого, вук1арав Арсен лъабго къоялдасан рукъоса ана. Анкьидасан вач1ана гьесул вацг1ал Муса. Гьес дихъе кьуна Арсеница хъвараб кагъат ва бицана гьев хванин. «Мусаца мун х1инкъи гьеч1елъуе ячина, гьевгун а. Гьеб рукъой йик1ине мун бегьуларо. Лъимал ц1уне, дида т1аса лъугьа. Дие мун ц1акъ йокьула». Дида сверухъ киналго холел ругоян х1исабги гьабун, Мусаца ячаралъуе ине ккана дун.

Марьям сих1къот1ун, ч1ана. Хадуб лъималазда аск1оеги ун, гьелъ къандалъо бит1изабуна ва, т1аде жоги ц1ан, гьел санаг1алъиялда регизе гьаруна. Гьелъул х1еренал кверал хъваралго, лъимал макьилъго гьимулел куц бихьун, дида бич1ч1ана кинабго рокьи Марьямица лъималазе кьолеббук1ин.

- Мун свакан ятила, дунги, ч1еч1ого бицуней йиго.

- Кинабго бицине, ва цогиязулгун бикьизе ккола дурго ургъел.

- У. Х1акъикъаталги, дун цеегоялдаса щивниги чигун к1алъач1о. Дица пикрабиго гьарич1о, абизе бегьула г1умруго гьабич1ин.

- Г1умру гьабун гьеч1о дуца. Кин бегьулеб бук1араб гьединаб ч1аголъи гьеч1еб х1алалда йик1ине? Щивали лъаларев чиясе к1иго лъимерги гьабун, хадуб гьаб туснахъалда йик1ине кин бегьулей йик1арай? Лъутун къват1иехун йорч1изе, г1адамазда кинабго бицине, полициялде ине к1оларогонищ йик1арай? Росулъе т1адюссинейищ бегьуларей йик1арай, ч1вазейищ гьез мун йик1арай? - Дир ццин гьалаглъулеб бук1ана гьай ч1ужуялъул мук1урлъиялда. - Сверухъ дагьалищ ругел лъималгун эбел хьихьулел централ? Мунин абуни, г1адалал чаг1азе дандеч1ейги гьабич1ого, киртикь лъималги т1амун. Кин дуца бицине бугеб дурго ургъич1ого гьабураб г1амал х1укуматалъул г1уц1абазеги жалго лъималазеги? Дур лъималазда лъалищ телевизор щибали, рихьанищ т1ахьал яги ручка-къалам? Дуего кьураб махщелцин дуца хвезабун буго. Кин гьедин ккезе бегьулеб бук1араб?

Дир раг1абазе жаваб кьолеб г1адин, къват1иб бахъана гучаб гьуриялъул хъуй. Гьелъ реч1ч1изабулеб ц1ад, карачелаби гьарун кьабулеб бук1ана гордазда. Дагьабго мехалъ к1алъач1огоги ч1ун, Марьямица щурана:

-Лъаларо.

Хадуй яхъунги ун, гьей яч1ана лъималазул т1ахьазул ва тетрадазул къвалги ц1ун. Цадахъго ругоан гьит1инал квераз рахъарал суратал ругел альбомалъул т1анчал.

- Ниж ц1алдолаан, суратал рахъулаан, телевизоралъухъги ралагьулаан. Дагьаб цебег1ан гьеб ч1ана, г1арац кьезе кколилан абун хъвана экраналда. Нижее тун рук1ана мультиказул дискал, гьезухъ ралагьулаан лъимал. Дица сураталги рахъула гьанже. - Г1айиб бац1ц1унеб г1адин, гьей къадада бараб халичаялде аск1ое ана. - Гьале дица бахъараб халича, г1одоб бугеб накъищалде данде ккелин гьабин, х1исаб гьабуна дица.

- Гьаб суратищ? Дуца бахъарабищ? - аск1оеги ун, дица халичаялда хъвана. Дирго берзда божулей йик1инч1о дун.- Унго-унгояб халичайилан ккола. Кир ругел цогидал суратал?

***(Хадусеб бук1ине буго).***

# РакIалде щвеялъул кескал

**1. ЦебераглIи**: Гьаб соналъул 20 июналда дир гIумруялъул 91 сон тIубанин дица бициндал, цояс абуна: **«ВахI, гIемераб жо бихьун батилила дуда гьеб халатаб гIумрудул соназ»,**-ан. ХIакъикъаталдаги, Россиялда гьел соназ анкьго хан хисана.Гьезулъ Борис Ельцинги, Михаил Горбачевги рехсезе дие бокьуларо щай абуни, гьел ккола нилъер Союз биххарал ва хадусан улкаялда ккарал лъикIал гурел ишазе нух рагьарал чагIи. Тарихалъул къокъаб заманалда ккана чIахIиял лъугьа-бахъинал. Гьезда гьоркьоб дунялалъул тарихалда бищун гIасияб рагъ ккарал 1941-1945 сонапги. И.В. Сталин 1929-1953сс., Н.С. Хрущев 1953-1964сс., Л.И. Брежнев 1964-1982сс., Ю.В. Андропов 1982-1984сс., К.У.Черненко 1984-1985сс.

Инсанасе БетIергьанас гIакълуги лъайги кьун буго, дунялалъул рукъоб, паркъун унеб гIумруялда, кин хьвадизе кколел, щиб гьабизе кколебали бицине. Аллагьасул калам, Къуръанги ккола нилъер хирияв Авараг (с.гI.с.) МухIаммадихъе жиб рещтIараб, гьелда цадахъго Аварагасул(с.гI.с.) рикIкIен гIемерал хIадисалги руго нилъ бит1араб нухде ккезаризе Аллагьас бусурбабазе рах1матлъун рещт1ун. МагIарулаз абухъе: **«Гьабихъего тирулеб, лабкихъего сверулеб»** жо дунял букIин, гIумруялъул ахирлде щвараб мехалъ гурони инсанасда бич1ч1уинаро.

**«Нилъеда лъалеб бакIалъан, инсан вижаралдаса нахъе лъикIлъиги квешлъиги цадахъ унеб буго, цин цоялъ, хадуб цогидалъ гъоркье рехулаго. Гьезда гьоркьоб унеб къеркьеялъеги ахир гьечIо, гуребани инсаниятаалъ квешлъиялде данде халатаб заманалда гьабураб рагъалъ хабалъ букъизе кколаан гьеб…».**

БитIараб калима буго ЧIикаса А. ТIагьирица хъвараб «Дунялалда БетIергьанас, инсанасе гурони ракIалдачIей (память) кьун гьечIо»- абун.

Араб гIумруялъул лъикIал лъугьа- бахъинал ракIалде щвегун гIадан пашманлъулев вуго, гьел нахъ руссунарел рукIинги лъан, квешал лъугьа- бахъиналги щолел руго ракIалде, амма гьел кIочене хIаракат бахъулеб буго.

Гьал ракIалде щвеялъул кесказда дица,лъикIалъул гурони,квешалъул бицинчIого тезе нийят гьабуна.

**Казбекалъул гьайбатай яс**

Жиндирго гIумруялъул гвангъарал лъалкIалги нахъе тун, ахираталде ана Казбекалъул (Салатавиялъул) гьайбатай яс,ХIамзатова ХIапизат МухIамадовна. Гьей хванин рагIараб мехалъ, битIараб бицани, щокъроб гарацIги чIун, беразда магIу хулана дир. Гьей дида лъалаан 1957 соналдаса нахъе. Гьеб соналъ Дилимазул гьоркьохъеб школа лъугIун, къватIире риччалел экзаменал кьолел, гьелъул гIелцоязда гъорлъ, дицаги кьуна экзамен, заочно бухьеналъул институталде лъугьине гьоркьохъеб школа лъугIараб аттестат хIажалъун.

ХIапизатил эбел-эменги лъалаан дида. Дол соназ гьел, дилимазул гъоркьияб авалалда гIумру-яшав гьабулел рукIана. Эбел гьелъул йикIана ЦIобокьа, эмен-Буртунаялдаса «Райзо МухIамад». ХIапизатил эбелалъулгун гьуинаб гьоркьоблъи лъугьана, дир лъималазул эбел, гIумруялдаса ятIалъун арай Вазипатил.

«Кин йигей «хьиндалай» мун? Абун гьимулаго кIалъалаан гьей Вазипатиде.(Гьей йикIана Бавтугъаялдаса). 1968 соналъул маялда,дун бухьеналъул министерствоялъ Хасавюрт шагьаралъул ва районалъул бухьеналъул узелалъул начальниклъун тIамуна. Партиялъул учёталда лъезе дун КПССалъул шагьаралъул горкомалде араб мехалъ, дида гьений ятана гIуцIиялъул отделалъул заведующаялъун хIалтIулей ХIапизат МухIамадовна. Гьей цIакъ йохана дун гьаниве перевод гьавунин бициндал. « Горкомалъул бюроялъул членлъун ЦIобокьа Халилов Мирзаги вуго»,- ян абуна ХIапизатица. Кинго дагьлъулеб гьечIо гьаб шагьаралда, советиял ва партиялъулал нухмалъулезда гьоркьоб миллатчилъиялъул хIаракатчилъи».

Шагьаралъул горисполкомалъул председательлъун гIезегIан соназ хIалтIарав Уллубиев Уллуби (магIарулав) республикаялъул даражаялда бугеб хIалтIуде тIамидал, гьесул бакIалда лъарагIав ккезавуна. Гьединаб къагIидаялда кадрабазул къец лъугIунеб гьечIо, миллатазул рикьаби дагьлъулел гьечIо»,-ян бичIчIинабуна ХIапизатица дида шагьаралда бугеб ахIва-хIал.

Хадусел соназги гьабуна ХIапизатица дие кумек 1976 соналъ дир яс Сакинатица Горький шагьаралъул мединституталде лъугьине, МахIачхъалаялъул мединституталда конкурсалъул экзаменал кьуна. Кинабниги 36 гьоркьохъеб школа лъугIарал гIолилал рук1ана конкурсалда.

Гьел цIикIкIарасел рукIана МахIачхъалаялда ва районазда хIалтIулел чIахIиял хIакимзабазул лъимал. Гьезда гьоркьосан 10 чи Дагъистаналъул министерствабазул Советалъ ритIизе рукIана гьеб институталде, санитарияб факультеталде. Яс кIалъана диде щуго къиматазда жинца экзаменал кьуниги, гьел анцIгоязул сияхIалде ккун гьечIин абун. Дун сах гьечIого рукъов вукIана. Дица гIемер хIисаб гьабуна щиб гьабунидай гьей институталде ккезайилеян.

Цинги ХIапизат ракIалде щун гьелде кIалъана ва бугеб хIакъикъат бицана. Гьей кIалъана Дагъистаналъул Совминалъул отделалде, ва дир яс цIализе ккезаюна.

1983 соналъ гьебги лъугIизабун Сакинат гьелдаса нахъе х1алт1улей йиго Гъизилюрт шагьаралъул Централияб больницаялда.

Дир гIумруялъул халатал соназ дида гIемерал чагIи дандчIвана, амма гьезул цIакъго дагьал гурони ракIалде щолел гьечIо. Амма ХIапизатица дие гьабураб кумекги, гIаданлъиги дида ракIалдаса унаро. Гьей йикIана Дагъистан Республикаялдаса машгьурай, халкъалъ жиндир кIудияб хIурмат гьабулей, кIудияб лъаялъул ва бажариялъул гIадан.

РакIалде ккола гьей лъалелщиназда гIемерал соназ кIоченарилан. Гьединал чагIи гIумруялдаса ратIалъун араб мехалъ ракIалде кколеб буго, пайда гьечIеб, къокъаб жо бугин инсанасе гьаб пана-дуниял абун.

*Девлетмурзаев МахIсудин,Хасавюрт шагьар.*

*(Хадусеб бук1ине буго)*

# Объявление

**О проведении публичных слушаний по вопросу изменения вида разрешенного использования земельного участка.**

Руководствуясь Земельным Кодексом РФ Законом РФ.от 06.10.2003г №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления РФ» 05.10.2018 года в 10:00 ч в зале заседания АСТI «село Дылым» по адресу с. Дылым Казбековского района РД. Ул.Саида -Афанди 15.

Состоятся публичные слушания по поводу изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:12:000001:3092 принадлежащее на праве собственности Шираеву Паше Юсуповичу расположенный по адресу с. Дылым ул.Имама Шамиля с вида разрешенного использования (Под усадьбу) на вид разрешенного использования (Производственная база)

*Глава администрации И.М. МАГОМЕДОВ.*

*Дин ва гIумру*

# Къуръан

**Суал: Къуръан ракьалде кин рещтIараб?**

Жаваб: ТIадегIанав Аллагьас ЖабрагIил малаикги витIун, ккараб хIажалъи бихьун, бакI бихьун,заман бихьун, МухIаммад Аварагасухъе(с.т.гI.с.) къоло лъабго соналъ, бутIаби ккун, рещтIунел рукIана Къуръаналъул аятал.

**Суал: Кинаб батIалъи бугеб цере рещтIарал тIахьаздаги Къуръаналдаги гьоркьоб?**

Жаваб: Цере рещтIарал тIахьал руго, гIадамаз чанго нухалда цIи-цIи гьабун, кверoccupation хъван, хис-хисизарурал. Къуръанин абуни, ТIадегIанав Аллагьас Аварагасде (с.т.гI.в.) рещтIинабураб хIалалда, хIарп хисизабичIого бугеб Аллагьасул калам-нилъер къанун буго.

*Мах1муд - Апанди, «Азаралда цо жаваб».*

# 16 сентября – День работников леса!

С самого раннего детства лес входит в жизнь человека как добрый и надежный друг. Он с незапамятных времен служит людям: лечит и кормит, дает разнообразное и универсальное сырье, отвечает на самые различные людские нужды.

Именно лес и сопутствующие ему природные явления- речки и луга, озера и тихие заводи - создают тот неповторимый образ окружающего мира, который рождает в нас тягу к родным местам, формирует высокие человеческие качества.

Лес не имеет себе равных по диапазону приносимой людям пользы. Поэтому забота о лесе, его сбережение и приумножение -одна из важнейших задач государства и каждого проживающего на земле человека.

Разнообразна природа нашей республики. Разнообразна и неописуемо красива природа Салатавии, которую неспроста называют жемчужиной Кавказа. Основа ее природы – это леса, которые занимают более 40% территории. Организовано лесное хозяйство в районе сразу же после образования Казбековского административного района, 1930 годах.



Во все периоды своего развития Казбековское лесное хозяйство занимало одно из ведущих мест среди лесхозов республики. Эти достижения достойно были оценены государством. Лесное хозяйство района неоднократно награждалось красными знаменами, вымпелами не только нашей республики, но и Российской Федерации. Пользуясь, случаем, хочу вспомнить работников, которые внесли свой достойный вклад в развитие лесного хозяйства района.

Это, Абуев Шихмирза Абуевич, директор, работавший с 1967 по 1977 годы, награжден Орденом Трудового Красного Знамени.

Асанов Вахмурад, мастер лесных культур, проработавший в лесном хозяйстве более 25лет, бригада, которого выращивала более 1 миллиона штук стандартного посадочного материала в год, награжден Орденом Октябрьской Революции.

Омаров Магомед, тракторист, проработавший в лесном хозяйстве более 25 лет, награжден медалью за «Трудовую доблесть».

Гитинову Магомеду Ахмедовичу, проработавшим в лесном хозяйстве более 30 лет, присвоено почетное звание «Заслуженный работник охраны природы Республики Дагестан».

*Руководитель ГКУ "Казбековское лесничество" И.К. ГУСЕЙНОВ.*

*БетIерав редактор:*
*Мухтар ГIалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №124 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*